# MOTIVACIYANIN’ PSIXOLOGIK TEORIYALARI

**Arzieva Ga’wxar Kuljanovna**
Berdaq atındaģı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti assistenti.
**Dauilbaeva Mirzagu’l Azamat qizi**
Berdaq atındaģı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti studenti.
**Joldasbaeva Baxtigu’l Quwanishbay qizi**
Berdaq atındaģı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti student.

https://doi.org/10.5281/zenodo.15255007

***Annotatsiya.*** *Usı ilimiy maqalada motivaciya túsiniginiń psixologiyalıq mazmunı hám oǵan baylanıslı tiykarǵı teoriyalıq jaqınlasıwlar keń kólemde analiz etiledi. Motivaciya insan iskerliginiń ishki háreketlendiriwshi kúshi sıpatında kórip shıǵıladı hám onı qáliplestiriwshi tiykarǵı faktorlar tallanadı. Atap aytqanda, maqalada associaciya (úyrenilgen) teoriyası, biologiyalıq (instinktiv) qatnas, G. Xalldıń kúshsizlikti azaytıw teoriyası, A. Maslovtıń zárúrlikler ierarxiyası hám D. Makklelland tárepinen islep shıǵılǵan úsh tiykarǵı zárúrlik teoriyasına toqtap ótiledi. Hárbir teoriya tiykarın salıwshılar, teoriyanıń mánisi, insan minez-qulqı hám motivaciyasına tásiri, ámeliy psixologiyadaǵı qollanılıwı jaǵınan tallanadı. Maqala psixologiya baǵdarında bilim alıp atırǵan studentler, ilimiy izleniw alıp barıp atırǵan izertlewshiler hám motivaciya menen islep atırǵan ámeliyachı qánigeler ushın teoriyalıq hám ámeliy áhmiyetke iye.*

***Gilt sózler:*** *Motivaciya, psixologik teoriyalar, jetiskenlikke erisiw, ámeliy psixologiya.*

# MOTIVATSIYANING PSIXOLOGIK TEORIYALARI

***Annotatsiya.*** *Ushbu maqolada motivatsiya tushunchasining psixologik mazmuni va unga bog'liq bo'lgan nazariy yondashuvlar keng tahlil qilingan. Motivatsiya insonning harakatini kuchaytiruvchi kuch sifatida ko’rib chiqiladi va uni kuchaytiruvchi omillar tahlil qilinadi. Xususan, maqolada assotsiatsiya nazariyasi (o'rganilgan), Xallning kuchsizlikni kamaytiruvchi nazariyasi, A. Maslovning zerurliklar ierarxiyasi va D. Makklend terapiyadan kelib chiqqan uchta zarracha nazariya haqida gapirib berdi. Har bir nazariyaning asoschilari, nazariyaning mohiyati, insonning motivatsiyasiga ta'siri va psixologiyada qo'llanilishi tahlil qilinadi. Maqola psixologiya bo'yicha ta'lim olgan talabalar, ilmiy izlanishlar olib borgan tadqiqotchilar va motivatsiya bilan izlanayotgan o'quvchi qizlarni nazariy va amaliy bilimlarga bag'ishlaydi.*

***Kalit so’zlar:*** *Motivatsiya, psixologik teoriyalari, muvaffaqiyatga erishish, amaliy psixologiya.*

**Kirisiw**

Usı ilimiy maqalada motivaciya túsiniginiń psixologiyalıq mazmunı hám oǵan baylanıslı tiykarǵı teoriyalıq jaqınlasıwlar keń kólemde analiz yetiledi. Motivaciya insan iskerliginiń ishki háreketlendiriwshi kúshi sıpatında kórip shıǵıladı hám onı qáliplestiriwshi tiykarǵı faktorlar tallanadı. Atap aytqanda, maqalada biologiyalıq (instinktiv) qatnas, G. Xalldıń kúshsizlikti azaytıw teoriyası, A. Maslovtıń zárúrlikler ierarxiyası hám D. Makklelland tárepinen islep shıǵılǵan úsh tiykarǵı zárúrlik teoriyasına toqtap ótiledi. Hárbir teoriya tiykarın salıwshılar, teoriyanıń mánisi, insan minez-qulqı hám motivaciyasına tásiri, ámeliy psixologiyadaǵı qollanılıwı jaǵınan tallanadı.

Maqala psixologiya baǵdarında bilim alıp atırǵan studentler, ilimiy izleniw alıp barıp atırǵan izertlewshiler hám motivaciya menen islep atırǵan ámeliyachı qánigeler ushın teoriyalıq hám ámeliy áhmietke iye. Motivaciya - bul shaxstiń maqsetke bagdarlangan iskerligin xoshametlewshi ishki hám sirtqi faktorlar sisteması. Ol insan minez-qulqı, úyreniw procesi, jumıs iskerligi hám jeke rawajlanıwında áhmietli rol oynaydı. Psixologiyada motivaciyanı túsindiriwshi túrli teoriyalar bar. Bul maqalada motivaciyanıń eń áhmiyetli psixologiyalıq teoriyaları jarıtıp beriledi.

1. Biologiyalıq (instinktiv) teoriyalar.

Bul teoriyaga muwapıq, motivaciya biologiyalıq zárúrlikler - ashlıq, shóllew, uyqılaw sıyaqlı fiziologiyalıq jaǵdaylardan kelip shiǵadı. Bul teoriyada insan is-háreketleri tuwma instinktler arqalı basqarıladı. Mısalı, Uilyam MakDugall instinktlerdi tiykarǵı motivaciya faktorı sıpatında kórgen.

2. Drive Reduction Theory (Hálsizlikti kemeytiw teoriyası).

Bul teoriya G. Xull tárepinen islep shigilgan bolip, shaxs organizmindegi ishki turaqsızlıq jaǵdayın saplastırıwǵa umtıladı. YAǵnıy, insan zárúrlik sezgeninde kúshsizlik (drive) payda boladı hám ol bul jaǵdaydan shıǵıw ushın iskerlikti baslaydı. Máselen, ashliq jaǵdayında awqat tabıw ushın háreket yetiledi

3. Masloudıń zárúrlikler ierarxiyası teoriyası.

A. Maslou motivaciyanı zárúrlikler ierarxiyası tiykarında túsindiredi. Ol mútájliklerdi bes basqıshqa bóledi:

1. Fiziologiyalıq mútájlikler (awqat, suw, uyqı).
2. Qáwipsizlik zárúrligi.
3. Sociallıq mútájlikler (doslıq, muhabbat).
4. Húrmetke bolgan talap.
5. Ózin-ózi júzege shıǵarıw

Bul mútájlikler tómennen joqarıǵa qaray qanaatlandırıladı. Tómengi zárúrlikler qanaatlandırılmastan joqarı dárejedegiler motivaciya bola almaydı.

4. Makklellandtıń Úsh tiykarǵı mútájlikler teoriyası.

D. Makklelland insandı úsh tiykargı zárúrlik basqaradı dep esaplaydı.

Jetiskenlikke erisiw (achievement) - shaxs óz aldına maqset qoyıp, ogan erisiw arqalı motivaciyalanadı.

Hákimiyat (power) - basqalar ústinen tásir ótkeriw, basshılıq etiw tilegi.

Tiyislilik (affiliation) - basqalar menen jıllı, shın kewilden múnásibet ornatıwǵa bolgan mútájlik.

Shaxsta bul zárúrliklerden biri ústin bolıp, ol is-háreketlerin belgileydi.

**Juwmaq**

Motivaciya teoriyaları insan minez-qulqı hám iskerligin túsiniwde áhmiyetli rol oynaydı.

Biologiyalıq zárúrliklerden baslap, sociallıq tásirlerge shekemgi túrli faktorlar motivaciyanı qáliplestiredi. Hár qıylı teoriyalar motivaciyanıń hár qıylı táreplerin jarıtıp beredi hám hár bir teoriya real turmıstaǵı jaǵdaylardı tallawda paydalı.

**REFERENCES**

1. Karimova R. A. – Umumiy psixologiya. – Toshkent: Oʻzbekiston nashriyoti, 2015.
2. Yoʻldoshev Q.X. – Psixologiya asoslari. – Toshkent, 2019.
3. Sharipova D.A. – Pedagogik psixologiya. – Toshkent, 2020.
4. Arzieva, Ga’wxar, Inkar Dawilbaeva, and Gu’lbanu Xongrbayeva. "MOTIVTIŃ DÚZILISI HA'M FUNKTSIYASI." Modern Science and Research 4.4 (2025): 11-16.